

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa produk hiji jalma ngaliwatan prosés kréatif jeung prosés mikir, tur diwujudkeun dina wangun tulisan atawa lisan. Karya sastra mangrupa kréativitas pangarang dina ngaréka-réka basa, sarta hasil tina implengan batin dumasar kana pangalaman dina kahirupan sosial. Nurutkeun Iskandarwassid (2003, kc. 135) sastra téh karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur estetis (kaéndahan sastra) kaasup fungsina atawa makéna basa. Pangarang salaku nu nyiptakeun karya sastra tangtuna néangan cara pikeun ngungkulan pasualan dina khazanah sastra.

Ku kituna, dina prak-prakanna, pangarang bisa jadi kapangaruhan ku karya sastra nu lian. Boh sastra asing, boh sastra daérah. Luyu jeung nu ditétlakeun ku Supriyadi (2000, kc.4) yén kamekaran téknologi anu mungkin ngaronjat ngabaluarkeun ayana aspék-aspék anyar salasihijina dina widang sastra. Basa Sunda anu kaasup sastra lokal tangtuna kapangaruhan ogé ku sastra luar.

Dina ieu panalungtikan anu baris dipedar nyaéta naskah drama. Bahan-bahan carita drama nu dikarang ku para sastrawan téa rupa-rupa, boh sacara téhnis, boh carana dina ngarangna (pembabakan, épisode, prolog, dialog, épilog, wawancangna) boh gaya basa nu dipakéna (aya nu diréka tina sisindiran, puisi heubeul, pantun, dangding (pupuh), sajak, aya nu gaya lancaran baé) éta kabéh gaya drama modéren nu ngawujud dina jiwa-jiwa Sundadika. Carita drama datang tina parasaan *suka-duka* nu dikandung jeung dikaluarkeun miboga sipat seni panggung supaya katénjo gambaranana, ku nu lalajo.

Koswara (2013, kc .13) nétélakeun yén sacara étimologis strukturalisme asal kecapna tina “struktur” hartina nyaéta ayana hubungan anu tetep antara kelompok- kelompok gejala atawa unsur, éta hubungan téh digelar ku panalungtik tina hasil pangamatan. Éta hubungan téh saéstuna anu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban objék nu ditalungtik dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang”.

Euyebna wangun karya sastra anu dituturkeun ku produktivitas pangarang, nambahan unggal jamanna, ngalantarankeun ayana hal-hal nu miboga sasaruuan, boh karya sastra nu sawanda boh nu teu sawanda. Saperti naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang”. Dina khazanah sastra di tatar Sunda, taun 1969 medal naskah drama karya R. Hidayat Suryalaga anu judulna “Nu Jaradi Korban” dina taun 1969 pernah dipentaskeun di Féstival Drama Pekan Industri Jawa Barat di gedong YPK. Ditik ulang taun 1994. Taun 2011 kungsi jadi naskah nu dipaké ku FDDBS (Féstival Drama Basa Sunda).

Sastra bandingan téh mangrupa pamarekan élmu sastra nu teu miboga tiori sorangan. Bisa disebutkeun yén tiori naon waé ogé bisa dipaké dina panalungtikan sastra bandingan saluyu jeung tujuan panalungtikan. Ku lantaran kitu, hal-hal anu bisa dibandingkeun dina ieu panalungtikan réréana tina strukturna. Nurutkeun Ruhaliah (2016, Kc, 2) sastra bandingan nyaéta hiji tarékah pikeun ngabandingkeun dua karya sastra. Sastra bandingan téh teu ngan ukur ngawengku hiji widang kajian, tapi mangrupa sawangan nu gembleng ngeunaan sastra, ngeunaan budaya sagemblengna, ékologi kamanusaan *weltanschauung* kasustraan, hiji sawangan ngeunaan *semesta* budaya nu dalit ngahiji. Ku kituna sastra bandingan ogé raket patalina jeung kritik sastra.

Babandingan naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung naskah drama “Ayahku Pulang” kaasup kana babandingan dua karya sastra ti dua basa anu béda. Luyu jeung pamadegan Hutomo (1993, Kc, 9) anu ngécéskeun sababaraha wengkuan sastra bandingan di antarana (1) panalungtik bisa ngabandingkeun sasaruuan jeung bédana dua karya sastra anu béda ti dua nagara, (2) panalungtik bisa ngabandingkeun sasaruuan jeung bédana dua karya sastra ti dua nagara nu béda tapi basana sarua, (3) salasahiji karya sastra nu bisa dibandingkeun nyaéta ti Malaysia jeung Indonésia, (4) panalungtik bisa ngabandingkeun sasaruuan jeung bédana karya munggaran salasaurang pangarang jeung karya lianna, (5) panalungtik bisa ngabandingkeun sasaruuan jeung bédana karya asli urang Indonésia jeung urang asing, (6) panalungtik bisa ngabandingkeun karya sastrawan Indonésia jeung sastrawan daérah.

Sabada dibaca kalayan gembleng tur disurahan kalayan teleb, naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung naskah drama “Ayahku Pulang” miboga rupa-rupa

sasaruaan jeung hal anu béda. Boh unsur galur carita, boh karakter carita jeung tokoh. Naskah drama “Nu Jaradi Korban” anu aya ka béh dieunakeun, kapangaruhan ku naskah drama “Ayahku Pulang”, sanajan dina naskahna taya medal taunna. Tapi bisa jadi aya salasahiji prosés kréatif pangarang anu kapangaruhan ku bacaan sastra Indonésia atawa sabalikna. Sasaruaan jeung hal anu béda dina dua naskah drama ieu kudu dipaluruh jeung dibandingkeun

Tina hasil idéntifikasi, dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga sarua jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail anu nyaritakeun ngeunaan jalan kahirupan manusa anu kumelendang di alam dunya jeung kasusah di kulawarga sanggeus bapana miluan jadi anggota organisasi nu dilarang, dipiceun ka Nusakambangan. Dina sajeroning naskahna, dua pangarang méré pasipatan jalma dina unggal tokohna. Ieu naskah drama pinuh ku ungkara-ungkara anu ngandung ma’na eusi carita ngagambarkeun kahirupan jeung ngandung ajén moral. Ku kituna, ieu naskah mibanda babandingan anu ngirut pikeun ditalungtik. Tina sababaraha éta hal, jadi dadasar kunaon ieu naskah dipilih ku panalungtik minangka hiji tarékah pikeun numuwuhkeun budaya Sunda.

Panalungtikan ngeunaan naskah drama basa Sunda masih kawilang langka. Panalungtikan anu medar ngeunaan naskah drama nyaéta “Naskah Drama “Jeblog” karya Nazarudin Azhar (Tilikan Strukturalisme Genetik)” ku Yosef M. Ibrahim (2014), “Analisis Semiotik Naskah Drama “Sadrah” karya Nazarudin Azhar” ku Yokeu Darisman (2014), “Analisis Struktur jeung Psikologi Sastra Naskah Drama “Jam Hiji Dua Puluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita” ku Ryan Rubi Pasha (2017) sarta “Naskah Drama “Raja Wales” karya R. Hidayat Suryalaga pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama di SMA kelas XI (Ulukan Struktural jeung Semiotik)” ku Ferdina Husdianto (2018) , meunang Resa Rangga Resmana (2016) anu judulna “ Babandingan Plot jeung Penokohan dina Novel Kalajengking karya Anna Mustikaati jeung Novel Study In Scarlet Karya Sir Arthur Conan Doyle”.

Babandingan naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail, acan aya nu nalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan judulna “Struktur Naratif dina Naskah

Drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung Naskah Drama “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Masalah nu nyampak tina sastra bandingan kawilang euyeub tur kompleks. Sastra bandingan mangrupa pamarekan élmu sastra nu teu ngahasilkeun tiori sorangan. Bisa disebutkeun tiori naon waé bisa dimangpaatkeun dina panalungtikan sastra bandingan, luyu jeung objek sarta tujuan panalungtikan (Damono, 2009, Kc. 1). Kukituna ieu panalungtikan ngawatesan masalah nu nyoko kana ngabandingkeun naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung naskah drama “Ayahku Pulang”. Sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesan.

Dumasar kana rumusan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha struktur naratif dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang” ?
- b. Kumaha unsur carita dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang”?
- c. Kumaha babandingan struktur naratif dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang” ?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngabandingkeun naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung “Ayahku Pulang” karya Usmar Ismail kalawan maluruh unsur naratif sacara tekstual.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun :

- a. Maluruh struktur naratif dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang”.
- b. Maluruh unsur carita dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang”.

- c. Medar babandingan struktur naratif naskah drama “Nu Jaradi Korban” jeung “Ayahku Pulang”. Sangkan kacangking ayana bebedaan atawa sasaruuan penokohna jeung plot tina dua karya nu rék dibandingkeun.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat sacara tioritis anu bisa dicokot tina hasil panalungtikan nya éta pikeun maham karya sastra dina bagian naskah drama. Lian ti éta ogé bisa ngeuyeuban hasanah kamekaran paélmuan hususna dina hal sastra bandingan, sarta bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun panalungtikan anu lian.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat sacara praktis anu bisa dicokot tina hasil panalungtikan nya éta:

- a. Pikeun nu nalungtik, ngajembaran paélmuan anu keur ditalungtik.
- b. Pikeun guru basa Sunda, mangrupa alternatif dina milih bahan pangajaran sastra di sakola.
- c. Ngeuyeuban sarta jadi alternatif bahan pembelajaran sastra di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda hususna dina mata kuliah pilihan sastra bandingan.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha anu diébréhkeun ieu dihandap.

Bab I Bubuka, eusina medar kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Eusina medar ngeunaan tiori sastra, drama, struktural, babandingan karya sastra, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan. Ngaguar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dijéntrékeun ngeunaan analisis struktural jeung babandingan dina naskah drama “Nu Jaradi Korban” karya R. Hidayat Suryalaga jeung naskah drama “Ayahku pulang” karya Usmar Ismail.

Bab V Kacindekan, Impliasi jeung Saran nu eusina mangrupa kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung saran ti panyusun.